

CHIKUNGUNYA

Enfòmasyon pou gran piblik la

Maladi a

- Chikungunya se yon maladi viral ke moun atrape lè moustik mòde yo.
- Li te rive an Afrik, Sid Ewòp, Sidès Azi, ak zile yo nan Oseyan Endyen ak Pasifik.
- Nan fen ane 2013, yo te dekouvri chikungunya pou premye fwa nan zile Karayib.

Peyi yo ki te rapòte transmisyon lokal viris chikungunya (nan mwa fevriye 2014)



Moustik yo

- Moustik espès *Aedes* lan transmèt viris chikungunya.
- Menm kalite moustik sa yo transmèt viris lafyèyè deng.
- Moustik sa yo mòde anjeneral pandan lajounen.

Sentòm yo

- Sentòm yo jeneralman kòmanse 3-7 jou apre yon moustik ki enfekte mòde yon moun.
- Sentòm ki pi komen yo se lafyèyè ak doulè grav nan jwenti, souvan nan men ak pye.
- Lòt sentòm yo gen ladan maltèt, doulè nan misk, jwenti anfle, oswa lagratèl.

Tès

- Al wè doktè ou si w panse oumenm oswa yon manm fanmi ou ka genyen chikungunya.
- Doktè w la kapab voye ou fè egzamen san pou yo chèche siy chikungunya oswa lòt maladi ki menm jan.

Tretman

- Pa gen okenn medikaman antiviral pou tretre chikungunya.
- Gen medikaman pou ede redwi lafyèyè ak doulè.

Dewoulman ak pwonostik maladi a

- Pifò pasyan yo santi yo pi byen apre yon semèn.
- Kèk moun kapab devlope doulè nan jwenti pi devan.
- Pami moun ki gen risk pou yo gen maladi grav gen ladann tibebe ki fenk fèt ki ekspozè pandan akouchman, granmoun aje (≥ 65 ane), ak moun ki gen kondisyon medikal tankou wot tansyon, dyabèt, oswa maladi kè.
- Pa gen anpil moun ki mouri akòz maladi sa a.



Prevansyon

- Pa gen vaksen oswa medikaman pou prevni viris enfeksyon chikungunya oswa maladi a.
- Redwi ekspozisyon avèk moustik, itilize klimatizè oswa pòt/fenèt ki gen griyaj fen.
 - Itilize pwodui moustik sou pati po w ki ekspozè a.
 - Mete pantalon ak chemiz manch long.
 - Mete rad ki tretre avèk pèmetrin.
 - Jete dlo ki rete chita nan resipyan deyò yo.
 - Sipòte Pwogram lokal pou kontwòl vektè yo (sa ki transmèt maladi a).
- Moun ki gen risk elve pou maladi grav ta dwe konsidere pou yo pa vwayaje nan zòn kote toujou gen epidemi chikungunya.
- Si w malad avèk chikungunya, evite pou moustik mòde w; sa pral ede anpeche viris la pwopaje.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.cdc.gov/chikungunya/